

# Directiv Opreyalab

Enfòmasyon enpòtan sou priz  
Desizyon nan zafè swen medikal: Ou gen dwa  
pou deside

N ap prezante dokiman ki nan pakè sa a ba w ann akò ak  
Lwa Federal sou Otodetèmi-minasyon Malad la, Lwa Florid  
sou Directiv Opreyalab pou Swen Medikal, epi kòm yon sèvis  
piblik Lee Health ofri.

Non: \_\_\_\_\_

Dat nesans: \_\_\_\_\_



# Kesyon moun conn poze souvan konsènan direktiv opreyalab

## KIYÈS KI DWE SANTI YO KONSÈNE NAN ZAFÈ DIREKTIV OPREYALAB LA ?

Tout malad adilt (ki gen 18 an oswa plis) dwe konprann ki sa direktiv opreyalab la ye. Lalwa federal egzije pou kèk etablisman, ikonpri lopital, mezon retrèt, ajans swen medikal adomisil bay enfòmasyon alekri konsènan dwa yon endividé genyen selon lalwa eta a pou l pran desizyon konsènan swen medikal, ikonpri dwa pou yon malad aksepte oswa refize tretman medikal oswa chirijikal ansanm ak dwa pou malad la fòmile direktiv opreyalab li. Anplis, etablisman sa yo dwe dokimante sou yon pati ki byen vizib nan dosye medikal malad la si wi ou non malad la te egzekite yon direktiv opreyalab. Yo dwe mande tout adilt ki vin yon malad nan youn nan etablisman Lee Memorial Health System yo si yo te ekri yon direktiv opreyalab. Li pa obligatwa pou gen yon direktiv opreyalab pou ka resevwa swen nan Lee Memorial Health System, men yo ofri w enfòmasyon an pou ka dokimante dezi ou genyen an rapò ak tretman.

## POUKISA LEE MEMORIAL OFRI ENFÒMASYON SA A ?

Kongrè Etazini an te pase yon lwa nan ane 1990 ki rele “Lwa sou Otodetèminasyon Malad la” (Patient Self-Determination Act). Lwa sa a egzije pou tout òganizasyon ki bay swen medikal ofri enfòmasyon alekri pou malad yo konsènan dwa yo genyen pou yo pran desizyon konsènan pwòp swen medikal yo. Sa enkli dwa pou yo aksepte oswa refize tretman medikal oswa chirijikal.

## KI SA YON DIREKTIV OPREYALAB YE ?

Yon direktiv opreyalab se yon seri enstriksyon ou te prepare konsènan swen medikal ou. Yo ka dekri ki kalite treman ou vle oswa ou pa vle epi li sèvi pou kominike dezi ou bay ekip medikal la ankake ou ta nan lenposiblité pou bay direktiv sa yo ou menm.

## KIYÈS KI KA SÈVI KÒM TEMWEN POU YON TESTAMAN VI ?

Jeneralman, nenpòt adilt ka sèvi kòm temwen, men yon konjwen oswa yon pwòch paran ka sèlman sèvi kòm YOUN nan temwen yo ; dezyèm temwen an ta dwe yon moun ki pa fanmi w. Moun ou site kòm sibstiti oswa ranplasan w lan pa ta dwe youn nan temwen yo.

## KI SA YON TESTAMAN VI YE ?

Yon testaman vi genyen enstriksyon espesifik konsènan sa w vle fè konsènan refi oswa abandon pwosedi ki pou pwolonje lavi ankake ou ta gen yon maladi ki tèminal, yon maladi ki nan faz final, oswa ou nan yon eta vejetatif ki pèsistan.

## KI SA YON DEZIYASYON SIBSTITI POU SWEN MEDIKAL YE (DESIGNATION OF HEALTH CARE SURROGATE – DHCS)?

Yon DHCS se yon dokiman ou siyen ki nonmen yon moun (sibstiti) ou fè konfyans pou ka pran desizyon sou zafè swen medikal pou ou si tanporèman oswa de fason pèmanan ou pa kapab pran desizyon sou swen medikal pou tèt pa w. Li enpòtan pou pale avèk sibstiti ou chwazi a epi pou fè l konnen ki sa ou vle an rapò ak swen epi tretman medikal, konsa sibstiti w la pral pran desizyon ki baze sou sa ou vle.

## KIYÈS KI KA SÈVI KÒM TEMWEN POU YON DEZIYASYON SIBSTITI POU SWEN MEDIKAL?

Yon konjwen oswa yon fanmi pwòch ka youn nan temwen yo, dezyèm temwen an ta dwe yon moun ki pa fanmi w. Moun ou deziye kòm sibstiti w la paka sèvi kòm temwen.

## KI LÈ TESTAMAN VI MWEN AN OSWA LÒT DIREKTIV OPREYALAB PRAL AKTYÈLMAN RANTRE AN VIGÈ?

Doktè w la, aprè li fin evalye maladi w la, pral rele yon lòt doktè pou li ka bay yon dezyèm opinyon. Si toulède detèmine ou gen yon maladi tèminal, yon maladi ki nan faz final, oswa ou nan yon eta vejetatif ki pèsistan, testaman vi w la pral rantre an vigè. Si w te deziye yon sibstiti epi doktè w la detèmine ou pa genyen “kapasite”, oswa abilite pou pran desizyon poukout ou, donk yo pral mande sibstiti w lan pou l bay konsantman pou ou.

## E IS MWEN PA T REDIJE YON DIREKTIV OPREYALAB OSWA MWEN PA KA SIYEN NON MWEN SOU YON TESTAMAN VI?

Ou ka bay doktè w la oswa fanmi w kèk enstriksyon vèbal. Sepandan, li pi itil pou mete sa w dezire fè alekri.

## E SI MWEN CHANJE LIDE EPI MWEN VLE EFASE TOUT TESTAMAN VI MWEN AN OSWA YON PATI LADAN L?

Ou ka revoke direktiv opreyalab ou a nenpòt moman lè w fè youn nan bagay ki site la yo : a) siyen yon deklarasyon alekri ki fè konnen ou revoke testaman vi a ; b) ou chire papye ki gen direktiv la oswa ou fè yon lòt moun chire l devan w ; c) di avèk bouch pa w ou revoke direktiv la ; d) egzekite yon lòt direktiv opreyalab ki diferan de sa w te gen anvan an. Bagay ki pi enpòtan pou sonje se pou di doktè w, fanmi w oswa zanmi w ki sa ou vle.

## ÈSKE KONPAYI ASIRANS VI MWEN AN KA ANILE ASIRANS VI MWEN AN PASKE M DI MWEN REFIZE OSWA MWEN VLE RETIRE APARÈY KI POU KENBE M AN VI?

Non. Lalwa Florid deklare yo paka anile ankenn polis asirans paske w fè chwa sa yo. Epitou, yo paka egzije w pou fè redije yon direktiv opreyalab kòm yon kondisyon pou jwenn asirans oswa pou yo admèt ou nan yon lopital.

## **MWEN TE SIYEN YON TESTAMAN VI NAN YON LÒT ETA. ÈSKE LI VALID NAN FLORID?**

Nòmalman, wi! Florid ap aksepte yon direktiv opreyalab ki te egzekite nan yon lòt eta depi li satisfè egzijans eta Florid yo.

## **KI KOTE MWEN TA DWE KENBE DIREKTIV OPREYALAB MWEN AN?**

Direktiv opreyalab ou a se “vwa” w li ye epi li dwe sèvi pou l bay enstriksyon w si w paka fè sa. Li enpòtan pou l ta nan yon kote ki aksesib epi pou sibstiti w, fanmi w ak doktè w tout gen yon kopi direktiv la. Epitou ou ta dwe pote yon kopi ansanm avèk ou chak fwa ou entène lopital, oswa mande yon moun pou pote l pou ou.

## **KI KOTE MWEN KA JWENN YON DIREKTIV OPREYALAB?**

Gen yon fòm nan tiliv sa a ou ka itilize si w vle. Genyen kèk lòt vèsyon testaman vi ki disponib tou. Fòm sa a se egzanp yo bay nan Lwa Florid yo. Ou ka itilize yon lòt vèsyon yon testaman vi, men li ka rekòmandab pou asire li satisfè egzijans lwa Florid la.

## **ÈSKE M BEZWEN YON AVOKA POU M FÈ YON TESTAMAN VI OSWA POU M DEZIYE YON SIBSTITI SWEN MEDIKAL?**

Non. Ou ka egzekite yon testaman vi oswa yon deziyasyon sibstiti swen medikal san yon avoka. Sepandan, si w bezwen prepare kèk dokiman ki gen rapò ak priz desizyon sou zafè finansye, tankou yon pwokirasyon dirab, li ta saj pou mande asistans yon avoka. Enfòmasyon ki nan pakè sa a gen rapò ak priz desizyon nan zafè swen medikal.

Noumenm, nan Lee Health, espere tiliv sa a te ede reponn kèk kesyon konsènan testaman vi ak direktiv opreyalab. Sepandan, si w ta gen lòt kesyon epi ou ta renmen resevwa plis asistans, tanpri santi w alèz pou rele nou nan:

343-2940—Travay Sosyal Medikal, Depatman Jesyon Swen

343-5199—Depatman Sèvis Espirityèl

424-3765—Sèvis pou Adilt ki pi aje yo

432-3450—Sèvis Sosyal pou Swen ak Sant Reyabilitasyon HealthPark

343-2000—Sèvis pou Envite yo

# Deziyasyon Sibstiti Pou Swen Medikal

Mwen, \_\_\_\_\_, deziye kòm sibstiti pou swen medikal mwen daprè s. 765.202, Lwa Florid yo:

Non: \_\_\_\_\_

Adrès: \_\_\_\_\_

Vil: \_\_\_\_\_ Eta: \_\_\_\_\_ Kòd postal: \_\_\_\_\_

Telefòn: \_\_\_\_\_

Si sibstiti pou swen medikal mwen an pa vle, pa kapab rezonableman pa disponib pou l ranpli fonksyon l, mwen deziye kòm altènativ sibstiti pou swen medikal mwen:

Non: \_\_\_\_\_

Adrès: \_\_\_\_\_

Vil: \_\_\_\_\_ Eta: \_\_\_\_\_ Kòd postal: \_\_\_\_\_

Telefòn: \_\_\_\_\_

## ENSTRIKSYON POU SWEN MEDIKAL

Mwen otorize sibstiti pou mwen medikal mwen an pou l:

\_\_\_\_\_ Resevwa tout enfòmasyon medikal mwen, kit enfòmasyon an oral, kit li anrejistre sou nenpòt fòm oswa mwayen: (Inisyal)

1. Yon founisè swen medikal, etablisman swen sante, plan asirans, otorite sante publik, anplwayè, konpayi asirans vi, lekòl oswa inivèsite, oswa biwo santral swen sante kreye oswa resevwa; epi
2. Ki gen rapò ak sante oswa kondisyon fizik mwen oswa mantal mwen nan lepase, leprezan oswa alavni; swen medikal mwen resevwa; oswa pèman pou swen medikal mwen te resevwa nan lepase, leprezan oswa alavni.

Anplis de sa mwen otorize sibstiti pou swen medikal mwen an pou l:

\_\_\_\_\_ Pran tout desizyon nan domèn swen medikal pou mwen, ki vle di moun sa a gen otorite pou l:  
(Initials)

1. Bay konsantman eklere, refi konsantman, oswa retrè konsantman pou tout swen medikal mwen, ikonpri pwosedi pou pwolonje lavi m.
2. Aplike nan non mwen pou benefis prive, publik, gouvènman oswa veteran pou defreye frè swen medikal mwen.
3. Gen aksè nan enfòmasyon medikal mwen ki rezonableman nesesè pou sibstiti pou swen medikal la pran desizyon ki enplike swen medikal mwen epi pou aplike pou benefis yo pou mwen.
4. Deside pou l fè yon kado anatomik daprè pati V nan chapit 765, lwa Florid yo.

Enstriksyon ak restriksyon espesifik: \_\_\_\_\_  
\_\_\_\_\_  
\_\_\_\_\_

Toutpandan mwen gen kapasite pou m pran desizyon, se mwen k ap kontwole souwè mwen epi doktè m ak founisè swen medikal mwen yo dwe kominike klèman avèk mwen plan tretman oswa nenpòt chanjman nan plan tretman mwen anvan yo egzekite l.

Nan degre mwen kapab konprann, sibstiti pou swen medikal mwen an pral rezonableman kenbe m

okouran de tout desizyon li te pran pou mwen ak nan zafè ki konsène m.

DEZIYASYON POU SIBSTITI POU SWEN MEDIKAL SA A PA AFEKTE PA ENKAPASITE MWEN T AP VIN GENYEN APRÈ JAN SA DEKRI NAN CHAPIT 765, LWA FLORID YO.

DAPRÈ SEKSYON 765.104, LWA FLORID YO, MWEN KONPRANN MWEN KA, A NENPÒT MOMAN PANDAN M GEN KAPASITE M SOU MWEN, REVOKE OSWA CHANJE DEZIYASYON SA A LÈ M:

- (1) SIYEN YON PYÈS ALEKRI EPI KI GEN DAT SOU LI KI EKSPRIME ENTANSYON M POU M CHANJE OSWA REVOKE DEZIYASYON SA A;
- (2) FIZIKMAN DETWI DEZIYASYON SA A ATRAVÈ PWÒP AKSYON PA M OSWA AKSYON YON LÒT MOUN ANPREZANS MWEN EPI SOU DIREKSYON MWEN;
- (3) VÈBALMAN EKSPRIME ENTANSYON M POU M CHANJE OSWA REVOKE DEZIYASYON SA A; OSWA
- (4) SIYEN YON NOUVO DEZIYASYON KI MATERYÈLMAN DIFERAN DE DEZIYASYON SA A.

OTORITE SIBSTITI POU SWEN MEDIKAL MWEN AN VIN ANVIGÈ LÈ DOKTÈ SWEN PRIMÈ MWEN AN DETÈMINE MWEN PA KAPAB PRAN PWÒP DESIZYON M NAN DOMÈN SWEN MEDIKAL AMWENSKE MWEN METE INISYAL MWEN NAN YOUN OSWA TOULE DE BWAT SA YO:

SI M METE INISYAL MWEN NAN BWAT SA A [\_\_\_\_], OTORITE SIBSTITI POU SWEN MEDIKAL MWEN AN POU L RESEVWA ENFÒMASYON MEDIKAL MWEN ANVIGÈ IMEDYATMAN.

SI M METE INISYAL MWEN NAN BWAT SA A [\_\_\_\_], OTORITE SIBSTITI POU SWEN MEDIKAL MWEN POU L PRAN DESIZYON POU MWEN ANVIGÈ IMEDYATMAN. DAPRÈ SEKSYON 765.204(3), LWA FLORID YO, TOUT ENSTRIKSYON OSWA DESIZYON SWEN MEDIKAL MWEN PRAN, SWA VÈBALMAN SWA ALEKRI, PANDAN M GEN KAPASITE M PRAL RANPLASE TOUT ENSTRIKSYON OSWA DESIZYON SIBSTITI MWEN AN PRAL KI AN KONFLI AK DESIZYON PA M YO.

#### ***SIYATI: Siyen fòm nan epi mete dat sou li la a:***

Ekri non w an majiskil: \_\_\_\_\_

Siyen non w: \_\_\_\_\_ Dat: \_\_\_\_\_

Adrès: \_\_\_\_\_

Vil: \_\_\_\_\_ Eta: \_\_\_\_\_ Kòd postal: \_\_\_\_\_

#### ***SIYATI TEMWEN YO:***

Note: Yon konjwen oswa fanmi pwòch ka youn nan temwen yo; dezyèm temwen an ta dwe yon moun ki pa fanmi w. Moun ou deziye kòm sibstiti w la paka sèvi kòm yon temwen.

#### ***Premye temwen***

Ekri non w an majiskil: \_\_\_\_\_

Siyen non w: \_\_\_\_\_ Dat: \_\_\_\_\_

Adrès: \_\_\_\_\_

Vil: \_\_\_\_\_ Eta: \_\_\_\_\_ Kòd postal: \_\_\_\_\_

#### ***Dezyèm temwen***

Ekri non w an majiskil: \_\_\_\_\_

Siyen non w: \_\_\_\_\_ Dat: \_\_\_\_\_

Adrès: \_\_\_\_\_

Vil: \_\_\_\_\_ Eta: \_\_\_\_\_ Kòd postal: \_\_\_\_\_

# Testaman Vi

(Tanpri enprime non w)

(Yon pwosedi ki pwolonje lavi vle di tout pwosedi, tretman oswa entèvansyon medikal, ikonpri mwayen sibzistans oswa idrasyon atifisyèl yo bay, ki soutni, restore oswa siplante yon fonskyon vital espontane.)

(Ou ta dwe bay doktè w la, manm fanmi w oswa yon zanmi pwòch yon kopi dokiman an.)

(Ou ka vle bay yon konsiderasyon espesyal a reyanimasyon kadyopilmonè, respiratè pou respirasyon, alimantasyon nan tib oswa likid yo bay nan tib, dyaliz pou ren, operasyon oswa antibiyotik.)

## WAP SIYEN LA

(Si w paka siyen, yon temwen dwe siyen non w selon enstriksyon w epi li dwe siyen devan w).

## TEMWEN AN SIYEN LA

(Li dwe siyen an prezans de (2) temwen, youn ladan yo pa ta dwe yon konjwen oswa yon paran pwòch.)

## TEMWEN AN SIYEN LA

Deklarasyon ki fèt nan \_\_\_\_\_ jou \_\_\_\_\_, 200 \_\_\_\_\_

Mwenmenm, \_\_\_\_\_, avèk tout volonte m mwen fè knownen dezi mwen pou yo pa pwonlonje lanmò mwen de fason atifisyèl nan sikontans mwen pral site la yo, epi lamenm mwen deklare:

Si a nenpòt moman mwen enkapab epi :

\_\_\_\_\_ Mwen gen yon maladi tèminal, oswa

\_\_\_\_\_ Mwen gen yon maladi ki nan faz final, oswa

\_\_\_\_\_ Mwen nan yon eta vejetatif ki pèsistan

*Mete inisyal ou nan tout sikontans ki aplikab*

epi si doktè swen primè mwen an ak yon lòt medsen konsiltan te detèmine pa gen ankenn pwobablite medikal rezonab kote mwen ka refè de maladi sa a, mwen mande pou yo pa fè oswa abandonne pwosedi pou pwolonje lavi, lè pwosedi sa yo ta sèvi sèlman pou atifisyèlman pwolonje pwosesis lanmò a, epi pou yo pèmèt mwen mourir natirèlman epi pou yo ban mwen sèlman medikaman oswa pou yo fè pwosedi medikal yo twouve nesesè pou yo ka ban m ki pou fè m konfòtab oswa pou yo aleje doulè m. Se entansyon m pou fanmi m ak doktè m onore deklarasyon sa a kòm ekspresyon final dwa legal mwen pou m refize tretman medikal oswa chirijikal epi pou m aksepte konsekans pou refi sa a. Ankake yo ta vin detèmine mwen pa kapab bay konsantman eksplisit epi eklere konsènan refi oswa abandon oswa kontinyasyon pwosedi ki pwolonje lavi, mwen vle deziye moun sa a kòm sibstiti mwen pou l egzekite kondisyon ki nan deklarasyon sa a.

Non \_\_\_\_\_

Adrès \_\_\_\_\_

Vil \_\_\_\_\_ Eta \_\_\_\_\_ Kod postal \_\_\_\_\_

**Mwen konprann tout siyifikasyon deklarasyon sa a, epi emosyonèl-man epi mantalman mwen konpetan pou m fè deklarasyon sa a.**

Enstriksyon siplemantè (ochwa) :

---

---

---

**Siyen** \_\_\_\_\_

Temwen \_\_\_\_\_

Adrès \_\_\_\_\_

Vil \_\_\_\_\_ Eta \_\_\_\_\_ Kod postal \_\_\_\_\_

Telefòn \_\_\_\_\_

Temwen \_\_\_\_\_

Adrès \_\_\_\_\_

Vil \_\_\_\_\_ Eta \_\_\_\_\_ Kod postal \_\_\_\_\_

Telefòn \_\_\_\_\_

